Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 3-4 (7144)
2015 с. 28 январь
АрбагI
БАГЪА 5 ГЪУРУЩ.
sadovoduns@yandex.ru

Газета бахъизе байбихьана 1937 с.

Унсоколо районалъул газета «Садовод»

Рейтингалда-цебесеб кьерда



ГIолохъанлъи



Ирсилаллъун рукIинин



Приоритетниял проектал

## Тадбирал хIажат руго






Гьаб соналъул 26 январалда Шамильхъала поселокалда тIобитIана Дагъистаналъул мугIрузулаб округалда приоритетниял проектал гIумруялде рахъинариялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ семинар-совещание. Гьелъул гIахьалчагIазда гьоркьоб лъуна 20I4 соналда муниципалитетазда приоритетниял проектал гIумруялде рахъинариялъул бугеб хIал, бицана «Обеление экономики», «Эффекктивный агропромышленный комплекс», «Эффективное государственное управление», «Человеческий капитал» ва цогидалги проектазда хурхарал суалазул, гьединго гьел тIуразарулаго дандчIвалел захIмалъабазулги.

Семинар рагьана мугIрузулаб округалъул вакиласул зам. ГI. МухIамаддаевас ва бачана РДялъул бетIерасул Администрациялъул управлениялъул ва Правительствалъул экспертизаялъулгун проектнияб управлениялъул нухмалъулесул заместитель Степаненко Марина Яковлевналъ.

Семинаралда гIахьаллъана РДялъул БетIерасул администрациялъул ва Правительствалъул жавабиял гIадамал, мугIрузулаб округалъул, министерствабазулгун комитетазул вакилзаби ва гь. ц.

Приоритетниял проектал тIураялъул иналъул бугеб хIалалъе къимат кьуна М. Степаненкоца. Гьелъ бихьизабуна гьел проектал тIуразариялъул бугеб х1алалда хурхун министерствабаз ва цогидалги ведомствабаз гьабураб хIалтIи кидаго гурин муниципалитетаз гьабуралда данде кколеб бугеб, гIемерисеб мехалда гьезул хIасилал тIуранго батIи-батIиял ругин. Гьелъ семиналалъул гIахьалчагIи ахIана РДялъул министерствабазулги муниципалитетазулги гьеб рахъалъ ругел хIасилал данде кквезе, гьединго проектал тIуразариялъе ресал ралагьун хадубккунги муниципалитетазда гьоркьор лъезе ва гьел гIумроялде рахъинариялъе чIванкъотIарал хIалтIаби гьаризе.

***Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ***

Генуб-ЧIиркъатIа нух

## Зарал ккечIониги




**Гьал къоязда нилъер районалда автомашинаби хьвадулеб нухде хъуштIун бачIана кьуру. Гьелъул хIасилалда 40 метр гIанисеб бакIалдасан нух хвезабуна. ТалихIалъего гIадамазе зарал ккечIого хутIана.**

Дагъистаналъул МЧСалъ лъазабухъе гьеб иш ккана II январалда Буйнакск-Генуб-ЧIиркъатIа автомашинабазул нухлул 47 километралда, АхIулгохIдаса гIемер рикIкIад гьечIого. Авария ккараб бакIалда нух къачIаялъул хIалтIуде байбихьана нахъисеб къоялъул радалго. Гьеб нухдасан хьвадулеб букIараб тIолабго транспорт битIана Унсоколо-ГIашилтIа-ЧIиркъатIа трассаялъул объездалъул нухдасан. Нухде тIун бачIараб кьурул чIахIиял гамчIаздаса ва ракьудаса тIубанго бацIцIад гьабуна ва автотранспорт хьвадизе биччана I3 январалъул къасиялдехун.

Рехсараб нухдасан хьвадулеб автомашинабазул къадар цIакъго цIикIкIараб букIунеблъи хIисабалдеги босун кIудияб хIикмалъилъун ккола гьаб нухалда гьеб балагьалъукье гIадамал ккунгутIи.

«Дун щибаб къоялъго уна гьаб нухдасан. Гьеб балагь ккараб къоялъ цодагьалъ кватIун вукIана Шамильхъалаялде араб бакIалда. Гуребани гьеб балагьалде гъоркье ккезе бегьулаан дунги»,-ян бицана цо гIашилтIесес.

Гьесул рагIабазда рекъон гьеб нухде кидаго кьурдасан дагьал рукIаниги къанал гъун рачIунаан. Гьедин букIаниги автомашинабазул шоферзабазе цIодорлъи гьабиялъе кинал рукIаниги гIаламатал нухда чIван гьечIо гьениб. Гьеб нухдасан гIумруялъе хIинкъигун гIемерал мугIрузул районазул гIадамал хьвадизе кколел ругелъул, хIажат буго гьениб нухазда хIинкъи букIиналъул знакал чIвазе. ***(Редакция)***

*Данделъаби*

## Районалда-гIалимзабазул данделъи

Январь моцIалда Шамильхъала поселокалда букIана районалъул росабазул жамагIатазул данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи Афандица, республикаялъул духовнияб управлениялъул гIалимзабаз, муниципалияб районалъул росабазул бутIруз, мажгитазул имамзабаз, районалъул общественностальъ.

Аслияб темалъун дандеруссиналъул букIана экстремизм-терроризмалъул идеологиялде данде кьеркьей, рухIияб рацIцIалъи гIадамазулъ куцай, районалъул гIадамазда гьоркьоб рекъел-маслихIат букIинаби.

Гьединго бицана райадминистрация Шамильхъала поселокалде бахъиялъулги. Гьеб хIукмо лъикIаблъун рикIкIана Дагъистаналъул муфтияс.

## Районалъул Собраниялъул заседание

Гьаб соналъул 29 январалда Шамильхъала поселокалъул райадминистрациялъул бетIерасул кабинеталъуб тIобитIана «Унсоколо район» муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб заседание. Гьениб балагьиялде росун рукIана «Унсоколо район» МОялъул 2014 соналъул бюджет рукIалиде ккезаби» ва «2015-2016 гьединго 2017 плановиял соназда «Унсоколо район» МОялъул бюджеталъул хIакъалъулъ»,-абурал райадминистрациялъул финансазул управлениялъул нач. Хъ. ГIабдулхаликъовасул, «Унсоколо район» МОялъул уставалъул хIакъалъулъ» Собраниялъул информациялъул ва делабазул управляющая А. МухIамадгIалиевалъул, «Унсоколо район» МОялъул контролиябгун счетнияб палатаялъул положениялъул хIакъалъулъ» контролиябгун счетнияб палатаялъул председатель М. ГIабдулмаликовасул информаци ял.

Гьединго балагьана «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул структураялъул суалазухъги.

***ЦIилъаби***

## Командировочниял рукIине гьечIо

**Россиялъулал жинде ругьунлъарал командировочниял удостоверениял араб гIумруялъулъе унел руго. Гьаб соналдаса нахъе хисизарулел руго Россиялъул Правительствалъул гьелда хурхараб хIукмо.**

Россиялъул шагьаразде хъулухъалъулал ишаз унаго пачалихъиял хъулухъчагIаз ва бизнес-организациязул хIалтIухъабаз хадубккун кодоб босизе кколаро унел рачIунеб заман чIезабун печать тIад лъурал командировочниял удостовереният.

Гьанже гIолеб буго поездалъе яги самолеталъе бугеб, унеб-рачIунеб заман бихьизабураб билет. Хъулахъалъулаб тIадкъайлъун букIине буго командировкаялъе бугеб приказ.

Щиб гьабилеб ишалъулал сапаразде общественнияб транспорталда гуреб жидерго автомашинабазда унел ругони? Гьелъулъги кIудияб захIмалъи гьечIо. ХIакъикъаталда хIалтIухъан командировкаялъ вукIине кколеб заман бихьизабизе ккола гьес тIад вуссун хадуб кьолеб хъулухъалъулаб записказда. Гьелда цадахъ лъезе ккола жиндирго транспорт хIалтIизабураблъи бихьизабулеб документ. Гьеб букIине бегьула путевыяб лист, счетал, квитанцият, кассовиял чекал.

ГIорхъи бахун унезе правилаби хутIана цебе букIахъе. Масала, командировочниял удостоверениял Россия бахун къватIирехун унезе гьадингоги хIажалъуларо, загранпаспорталда хутIулелъул гIорхъи бахиналъул хъвай-хъвагIай. РахIат хвезе кколаро СНГялъул улкабазде ишалъулаб сапаралъ ани гIорхъода печать лъун гьечIониги, щайгурелъул кIиябго рахъалде билетал рукIунелъул.

Командировочниял хвезариялъ кIудияб бигьалъи букIине буго бухгалтеразул хIалтIуе.

*Лъай кьей*

# Рейтингалда-цебесеб кьерда



Дагъистаналъул лъайгун-тарбия кьеялъул министерствоялъ щибаб цIалул соналда тIоритIизе хIисабалде росун руго Дагъистаналда ругел лъайгун-тарбия кьеялъул управлениязул хIалтIул хIасилал гьари, гьезул хIалтIуе къимат кьей-рейтинг.

Ахирисеб рейтингалда хал гьабулеб букIана лъайгун тарбия кьеялда хурхун управлениязул гьабулеб хIалтIул къоло цоялде гIунтIун батIи-батIиял рахъазул. Лъолел баллазул бищунго тIадегIаназул къадар букIуна 10 балл.

Лъайгун тарбия кьеялъул учреждениязе лицензиял рукIинариялъул, гьезие аттестация гьабун букIиналъул, тарбия кьеялъул хIалтIи лъикI букIиналъул, гIисинал цIалдохъабазе школазда хинаб квен чIезабиялъул рахъалъ районалъул управлениялъе щун ругоан бищунго тIадегIанал баллал. Цогидал рахъазеги гIодорегIанал гьечIо баллал. Гьединал хIасилазда рекъон республикаялъулаб рейтингалда рукIарал 53 шагьаразулниги районазулниги управлениязда гьоркьоб анкьабилеб бакIалде бачIун буго Унсоколо районалъул лъай кьеялъул управление. Шагьаралги гьоркьоре рачинчIого жалго районазул хIасиласдалъун борцани, гьеб буго кIиабилеб бакIалда.

Управлениялъул гьединал хIасилал рукIиналъе гIиллалъун ккола гьенир иш лъалел, тIадегIанаб лъаялъул, хIалбихьи бугел специалистал хIалтIулел рукIин, цоцазе кумек гьабулеб гъункараб коллектив букIин, Управлениялъе нухмалъи гьабулев Л. МухIамадгIалиевасул бажари ва хIаракатчилъи цIикIкIараб букIин.

Тавпикъги чорхое сахлъиги кьеги гьезие жеги тIадегIанал хIасилал росизе, районалда гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъул иш цебетIезабизе.

***С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.***

**Лъугьа-бахъин**

## Бихьинчилъиялъе бакI камуларо

Дагъал церегIан къоязда, 21 январалда арбагI къоялъ Рихьуни росулъ ракIалдаго гьечIеб лъугьа-бахъин ккана. Шагьранухалъ батIа-батIаго унел рукIарал ХIасанов Сайгидида ва ХIамзатов МухIамадидаги росда цебе бугеб хIориниб, 70-80 метраялъ рикIкIадаб манзилалда тIад чиги вугеб бегун унеб раса бихьула. Сундухъго ралагьичIого гьел хIоринире кIанцIула ва хIинкъиялда гьоркь вугев хвасар гьавизелъун церехун лъедола. Гьедин цIорораб лъелъеги кIанцIун гьез хвасар гьавула жидерго росулъа Будаев Камил.

ГIолохъабаз гьабураб бахIарчияб ишалъухъ ракI-ракIалъул баркала кьуна ХIасанов Сайгидие ва ХIамзатов МухIамадиеги Камилица, гьесул гIагарлъиялъ ва тIолабго рихьундерил жамагIаталъ.

Умумазулаби буго: «БахIарчилъун вижуларин гьев вахъунилан». ХIакъикъаталдаги ХIасанов Сайгидгидицаги ХIамзатов МухIамадицаги



гьабуна унго-унголъунги бихьинчияб иш. Гьединаздаса нилъ чIухIизе ккола.

***З. АХIМАДОВ.***

# Баркула!



ГIашилтIа росулъ къанагIатги ватиларо ХIажиев ХIажияв лъаларев чи.

Гьев лъикIго лъала чIахIияздаги, гIисиназдаги. ХIакъикъаталдаги ХIажияв вуго щиб хIалтIи жинда тIад къаниги ракI бацIцIадго, кIухIаллъичIого росдае гIоло тIубазабизе хIаракат бахъулев инсан. Гьев ккола росдал ветераназул Советалъул байбихьул гIуцIиялъул председатель, АхIулгохIде рачIаразе гьелъул тарихалъул бицунев лектор-искусствоведги, росдал мажгиталъулгун-мадрасаялъул кассирги.

ХIажиясе хасиятаб буго кьварилъи ккарасе кумек гьаби, гьев гIадамазда аскIов чIола ургъел бикьизе, рохел загьир гьабизе ккаралъув. Мухь гьечIого хIалтIи гьабулареб заман гьаб бугониги ХIажияс хIаракат бахъула бищунго цеве хIажаталъув ватизе. Гьеб ккола иманалъул щулалъи.

Гьесул микьго лъимер буго. ЛъикIаб тарбияги кьун гIезарулел руго гьес гьел. Гьединал хIаракатчагIи нилъер районалда жиб-жиб росулъ цIикIкIаги!

ГIумруялъул 60 сон бугониги ХIажияв жеги гIолохъанго вуго. Баркула гьесда гIумруялъул 60 сон тIубай, гьарула хъизамалъул щивасе щулияб сахлъи, халатаб гIумро ва хIалтIулъ икъбал!

***С. МУХIАМАДОВ.***



# Дин ва гIумро



Экстремизм

## ДагIбадулав

Цо-цо чагIи рукIуна дагIбадизе бокьулел. ХIатта рукIуна кидадай къацандизе чи щвелаян пикрабазда рукIунелцин. Цоцазулъ дагIбадийин абуни инсаниятальулъ байбихьана Адам аварагасул васаздаса байбихьун. Гьеб дагIбаялъул хIасилалда Къабилица Гьабилги чIвана.

Халкъалда гьоркьоб лъугьунеб дагIба-рагIиялъ гьудуласул гьавула тушман. ДагIбадиялъ гIагарав чи рикIкIад гьавула. Цо эбелалъул ургьиб гIураб кIиго лъимер батIа гьабула. Цо каранда хахарал вацал рикьизарула. Мадугьал мадугьаласдаса тIезавула. ТIулил вацал гIадин цадахъ гIурал гIолилал цоцазда рихинарула. Гьединлъидал, исламалъ дагIба гьаби гьукъула. КIалъаялъул адабал малъула. ХIатта шаригIаталъ хIинкъи кьуна дагIбадулесе ва гьев рикIкIана мунапикъзабазул мухъилъ. Хирияв аварагас (с. т. гI. в.) бицана: «Мунапикъзабазул лъабго гIаламат буго: кIалъалеб мехалъ гьереси бицин, къотIи тIубазабунгутIи, божуда рекIкI гьаби».

ДагIбадулав ккола живго мекъи вукIин лъалеб букIаниги битIараб жоялде данде вахъун дагIбадулев чи. Гьединав чисяул гIакълуялдаса цебе мацI ккола, гурхIелалдаса цебе хъачIлъи ккола, ритIухълъи цIунизегIанго зулму хIалтIизабула. Гьесул мацI буго чорокаб, ракI буго бецIаб, гьелдаса гьев живгоги чIухIун вукIуна. БитIараб жоялде данде гьес нусго гьереси бицуна. ТIутIазул кваркьиялъулгIанги гьесие ритIухълъиялъул ургъел букIунаро. Жиндие данде кколареб жоялъухъ гьев валагьула тушманасухъ гIадин. ГIадамаз гьабунщиналда гIайибги чIвала. ХIатта гьез гьабунщинаб, гьесда мунагьин ракIалде ккола. Бусурбабазда бичIчIизе ккола дагIбадиялъ инсан лъикIлъиялде вачунареблъи. Гьелъул ахирги ккола цоцазда гьоркьоб ракIхвей.

Мисалалъе, дуца абулеб буго чиясда хъалиян какараб гIамал бугин, гьелъ дур сахлъиялъе зарал гьабулин. Амма дандияс абулеб буго зарал букIаниги дида гьеб тун бажаруларин, рехун тезе ракIалдаги гьечIин. Гьев чигун дагIбадизе лъугьани, ай дица дуда гьеб тезабулиланги абун, гьеб мехалда иш бачIуна дагIбаялде. Гьедин дагIбади инсан лъикIлъиялде ахIулеб хIикматги гуро. ЧIухIараб напсалда чIухIун кIалъаялъ хIасил кьоларо. ЦIаялде тIаде бензин тIуни гьеб ссунаро. ХIеренлъиялъ гурищ дунял мукIур гьабураб? ХIеренаб каламалъ гурищ ислам тIадегIанлъараб? ЦIа свине ккани гьелде тIаде лъим тIезе кколеб гIадин, дагIбадулев чисде тIаде хIалимлъи тIезе ккола. Гьеб кинабгоги бичIчIун хирияб Къуранальул аяталдасан (магIна): «Дуца, МухIамад гьел Аллагьасул диналде ахIулеб мехалъ, хIикматалдалъун ахIе, берцинаб вагIзаялдалъун ахIе, дагIбаялде иш бачIинехъин бугони, бищун берцинаб (хIеренаб, гурхIулеб, тамахаб) каламалдалъунги кIалъай». (Ан-НахIал, I25).

Гьединго балагье Аллагьас Муса ва Гьарун аварагазабазда кин амру гьабурабали. Гьел кIиялго вацазда исламалде гIадамал ахIулаго бихьана кIудияб захIмалъи. ФиргIавница гьезие гьаруна кIудиял квал-квалал. Цинги Аллагьас гьел ФиргIавнихъе ритIулаго гьезда малъана кин ФиргIавнида кIалъазе кколебали. «Нужеца гьесие хIеренаб калам гьабе, гьев кантIизе яги хIинкъизе бегьула»,-ян.



Къуръан буго уммат къачIалеб Аллагьасул тIехь. Къуръаналъ бицунеб буго цере рукIаразул къиса, нилъеца пикру гьабизелъун букIине. БитIараб нух бокьарав чи Къуръаналда нахъ вилъинеги ккола. ГьедигIан къосарав ФиргIавнида хIеренго кIалъазе Аллагьас амру гьабураб мехалда, кин кIолеб бусурманчиясда бусурманчигун гьаракь борхун кIалъазе?

Нилъер гIайиб буго нилъго нилъеда го кIодолъун рихьи. Щивасда ракIалде ккола жинца битIараб бицунеб бугин. Щивасда ракIалде ккола жинца дандияв битIараб нухде тIовитIулев вугин. Гьедин чIухIараб напсалда киданиги кIоларо хIакъикъат загьир гьабизе, гьеб бакIалда нилъеда ракIалда щвезе ккола Аллагьасул Къураналда бугеб хирияб аят (магIна): «Дур БетIергьан Аллагьасда лъидасаго лъикI лъала мекъи ккарав чи. Гьесда бищун лъикI лъала витIун ккарав чи». Авалалдаго Аллагьасда лъала къосаравги витIун ккаравги чи, гьедин Гьес ЛавхIул МахIфузалдаги хъвана.

КигIан витIаравлъун мун ватаниги исламалъ ихтияр кьоларо дандиясда хъачIаб рагIи абизе, ихтияр кьоларо дандиясул пикру, гIакълу ва гьесул къадру гIодобегIан гьабизе. Мисалалъе, дандияс дуда берцинаб гуреб кIалъай гьабуни яги тохаб жо абуни, гьеб каламги халкъалда бицун, «гьас абураб рагIарабищилан» гьев суризавиялъ гьесул къадру гIодобегIанлъула. Гьедин гьабиялъ гьесул рекIелъ киданиги иманги цIикIкIунаро, Аллагьасукьа хIинкъиялдеги гьев вачунаро. Гьединлъидал, унго-унгоги гьесда битIараб жо бичIчIизабизе дуе бокьун батани, дуца малъе хIикматго, берцинаб каламалдалъун.

ХIеренго кIалъайги хIинкъи кколаро. Гьеб буго бахIарчилъи. Пикру гьабе, дагьабгIаги гIакълу сверарав чи ахIде зе лъугьуна, ай хIеренго кIалъаларо. Амма дурго напсалда кверщелги гьабун мун ахIдезе лъугьинчIони, гьеб ккола гIакълу, бахIарчилъи, сабру ва дунялалдаги ахираталдаги талихI. Гьединго, хIалимлъиялъин абуни нилъ рачине бегьуларо гIадлу гьечIолъиялде. Рокьоса къватIие жиндирго яс шаригIаталъ гьукъараб куцалда яхъуней инсуда йихьани, эбел-эмен тамахго кIалъаялда кьокълъун чIезе бегьуларо. Васас как тараб мехалъ хIеренго кIалъан тIубаларо. Гьезие тагIзир яги цогидаб гIадлу гьаби ккола мун гьезда гурхIи. Гьелда хурхун хирияв аварагас (с. т. гI. в.) абун буго: «Нужеца лъималазда как баян амру гьабе анкьго сон бараб мехалъ, анцIго сон бараб мехалъ как теялдалъун нужеца гьезда кьабе, лъималазул бусенги батIа гьабе» (Абу Давуд). Гьаб хIадисалда кьабеян абураб рагIул магIна ккола ругъун лъалареб, гьумер гуреб бакIалда кьабеян абураб. Как тараб мехалъ лъималазе тамихI гьабизе кколеб гIадин, гьезие гIадлуги гьабизе ккола кIал биччайдал, шаргIалдаса бахъараб жо гьабидал. Ццим бахъараб мехалда лъималазе гIадлу гьабизе бегьуларо, щайгурелъул, ццим бахъиндал гIакълу хисула. Ццимги бахъинчIого инсуца васасе гIадлу гьабулеб бугони, гьес гьев бок1нида вахъун чIезавула, цIалдезе тIамула, тетрадалда нусго нухалъ «Астагъфирулагь, Аллагь тIаса лъугьа, тIокIаб гьабиларо» абун хъвазе тIамула. Кверазда тагIзир гьабула. Гьединаб гIадлуялъ лъимал жидецаго гьабураб мунагьалда тIад ургъизе тIамула. Гьез I00 нухалъ Астагъфируллагь абун хъвалаго пикру гьабула жидецаго гьабураб квешлъиялъул.

Чанги чи вукIуна зина гьабуларев, риба кваналарев. Гьев хIарамлъиялде вачIунаро, цIогь къабул гьабуларо, амма жиндирго мацIалда хадуб хал кколаро, кIалъалеб мехалъ дагIбадула, чорокаб рагIи абула, гьибат-бугьтан гьабула. КIудияб гIажаиблъи гурищ, гьединал чIахIиял мунагьаздаса цIунарасда кIолеб гьечIо гьитIинаб мацI ккезе. Пикру гьабе, халкъалда гьоркьоб кколеб дагIба байбихьула мацIалдалъун, кIалъазе лъангутIиялдалъун, цояв кIалъалаго вуцIцIун чIезе лъангутIиялдалъун, дандиясул къадруги пикруги гIодобегIан гьабиялдалъун. ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Ле, иман лъурал гIадамал, Аллагьги Аварагги ритIухъ гьарулел гIадамал). Нужер цо къавмалъ цогидал къавмал гIодорегIан гьаруге, гьел гьездасаги лъикIал ратизе бегьула, нужеца цоцаде гIайибалги гIунтIизаруге, цоцазулъ хъачIго рукIунге, цоцазда нахъасан гъибатал гьаруге, цоцазе рокьуларел цIаралги ахIуге. Иман лъурал гIадамаз гьединаб калам гьаби ккола фискъу (къосен), гьездаса тIаса лъугьинги тIалаб гьабун тавбу гьабичIел гIадамал ккола зулмучагIи». (Ал ХIужарат).

***ХIабиб-хIажи ГИСАЕВ,***
***Шамильхъала поселокалъул имам.***

## Бечелъи щиб жо кколеб?

Цо нухалъ МухIамад аварагас (с. т. гI. в.) гьикъана жиндирго лъалел-хъвалезда бищунго мискинав чи щив кколевали гьезда лъалищан. Гьез жаваб кьуна бищунго мискинав чи гIарац гьечIев чи вугилан.

Аварагас (с. т. гI. в.) абуна «Дир умматалда мискинав чи ккола жинца Аллагьас тIад лъурал какал, закагIат, кIал квей тIубаниги жинца щивниги хIакъир-къварид гьавун, гIайиб гьечIого тIаде гIайиб гIунтIизабун, гьесул малмулк бахъун, чи чIван жаназа бахчун, гьабурав чи. Гьесул киналго лъикIал гIамалал кьезе буго гьесул къурбаназе. Гьесул лъикIал ишал квешал байбихьилалде лъугIун ратани гьесул къурбаналъул гъалатIал ва такъсиралги рачIуна зулмучиясул ботIроде ва гьеб рехула жужахIалде (Муслим). Гьединав чи хIакъикъаталдаги ккола Аллагьасда жанив мискинав чи,-ян абулаан аварагас. Гьев релъуна I000 рупиялъул гурони кодоб къайиги гьечIого 2000 рупиялъул налъи тIад бугев чиясда. Бечеда вин гьединав чиясда абизе бегьилищ? Алагьасдаги божулев, гьесул хIукъукъалги тIуралев, ялъуни цо хасал къагIидаби тIуразарулев, амма гьебго заманалда цо хасал квешлъабиги гьарун, гIадатиял гIадамазда квешго кIалъан, мискинал инжит-хIакъир гьарун, кумекалде ккаралгун залимлъи бихьизабун, кин гьединав чи бусурманав вугилан абилеб?

Цо чияс аварагасда (с. т. гI. в.) гьикъана: «Огь, Аллагьасул вакил! Цо дида лъалей гIаданалъ кутакалда тIуразарула как-кIал, гьарула цогидалги лъикIал гIамалал. Амма цIакъго квешго кIалъала мадугьалзабаздехун. Кинаб букIине бугеб гьелъул къисмат.

Аварагас (с. т. гI. в.) жаваб кьуна гьей гIадан жужахIалде уна,-ян.

Хадубги гьевго чияс гьикъула: «Огь Аллагьасул вакил! Цойги чIужугIадан йиго дагьа-макъабго как-динги гьабулей, амма жиндир рокъоб бугебщинаб ххамил кескал, жиндирго рекIел лъикIлъиялъ цогидазе бикьулей ва сверухъ ругезе щибго зарал гьечIей.

Аварагас (с. т. гI. в.) гьесие жаваб кьуна «Гьей алжаналъуй йикIине йиго»,-ян.

.................................................

## ХIалалабин тIад хъваниги

«Царицыно» ОАОялъул цехалда иргадулаб халгьаби тIобитIулаго гьениб болъонил гьан батана. Россиялъул муфтиязул советалъул стандартазулгун сертификатазул «Халяль» централъ бусурбабазда лъазабулеб буго рехсараб компаниялъул гьанал нигIматаздаса инкар гьабеян. Гьелъие гIилла ккола бакьазда гьорлъ болъонил гьан хIалтIизабулеб букIин.

# Садовод

## ПРОТОКОЛ
## публичных слушаний по проекту Устава муниципального образования «Унцукульский район» РД (муниципальный район)

**26 января 2015 года с.Унцукуль**

**Председательствующий - заместитель председателя Собрания депутатов муниципального района-**
**Расулгаджиев Р. Д.**
**Секретарь – Абдурахманов А. М.**
**Присутствовало -113 человек.**

С докладом выступил заместитель председателя Собрания депутатов муниципального района Расулгаджиев Р. Д. Он ознакомил участников слушаний с проектом Устава муниципального образования «Унцукульский район» в новой редакции, разъяснил необходимость и важность его принятия. Данный проект Устава вначале был опубликован в районной газете «Садовод» для ознакомления граждан и представления предложений и замечаний по проекту. Однако на сегодняшний день в рабочую группу не поступило ни одно предложение, хотя у населения была возможность изучить и внести свои предложения. Я предлагаю вам одобрить проект Устава. В свою очередь вы имеете право высказать свое мнение по данному проекту.

**С предложениями выступили:**

1. Магомедалиев С.М. –предложил одобрить проект Устава МО «Унцукульский район.
2. Алиева П. М. – поддержала предложение об одобрении проекта Устава и предложила проголосовать за его принятие, потому что он подготовлен в соответствии с требованиями закона, с учетом изменений, дополнений, внесенных в базисный закон о местном самоуправлении – в федеральный закон «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации».
3. Магомедов А. М. – тоже поддержал представленный проект решения.
4. Гусейнов М. Г. – поддержал и одобрил проект решения.

По результатам голосования определено, что все единогласно одобряют проект Устава МО «Унцукульский».

Обсудив доклад заместителя председателя Собрания депутатов муниципального района Расулгаджиева Р. Д., и заслушав поступившие предложения, участники публичных слушаний по проекту Устава МО «Унцукульский район», РЕШИЛИ:

1. Одобрить предложенный проект Устава муниципального образования «Унцукульский район».

**Зам. председателя Собрания**
**Расулгаджиев Р. Д.**
**Секретарь**
**Абдурахманов А. М.**

---

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ
## по результатам публичных слушаний по проекту устава муниципального образования «Унцукульский район» 26 января 2015 года

Публичные слушания по проекту Устава муниципального образования «Унцукульский район» были проведены по инициативе Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» на основании решения Собрания депутатов муниципального района от 18. 12. 2014 года № 131.

Присутствовали – 113 человек.
Выступили - 4 человек.

Путем голосования установлено, что проект Устава МО одобрен единогласно всеми участниками публичных слушаний муниципального образования «Унцукульский район».

**Зам. председателя Собрания Расулгаджиев Р. Д.**
**Секретарь Абдурахманов А. М.**

---

# Услуги в области охраны труда

Отсутствие внимания со стороны работодателя к вопросам охраны труда рано или поздно может обернуться неприятностями, а порой и трагедией. Работодатели (особенно небольшие компании) упорно не желают тратиться на создание квалифицированной службы охраны труда на собственном предприятии или заключать договоры со специализированными организациями, не приобретают средства индивидуальной защиты работников, предписанные законом, не проводят специальную оценку условий труда и т.д. С одной стороны, экономия понятна: никто не хочет тратить немалые деньги на подразделение, которое не приносит явную экономическую выгоду, и на предотвращение несчастных случаев, которые могут и не произойти. С другой стороны, если проанализировать статистику нарушений, то примерно треть из них приходится на нарушения в области охраны труда.

Поскольку осуществление различных мероприятий по охране труда в организации требует довольно много сил и времени, заниматься этим должны специально обученные люди. При этом от того, какова численность работников, зависит количество специалистов по охране труда в организации. Согласно требованиям статьи 217 Трудового кодекса Российской Федерации, если численность работников организации превышает 50 человек, создается служба охраны труда или вводится должность специалиста по охране труда. Если численность работников не превышает 50 человек, работодатель самостоятельно принимает решение о создании службы охраны труда или введении должности специалиста по охране труда с учетом специфики своей производственной деятельности.

Однако, согласно абзацу 3 статьи 217 Трудового кодекса Российской Федерации у работодателя имеется возможность прибегнуть к аутсорсингу (передаче организацией на основании договора определённых бизнес-процессов или производственных функций на обслуживание другой компании, специализирующейся в соответствующей области) охраны труда не в зависимости от численности организации.

М. МАГОМЕДАЛИЕВ

---

## Страница в номере

## Обращение
### участников первого форума молодежи сел. Унцукуль к молодежи района и Республики Дагестан

***Братья и сестры, молодежь Унцукульского района и всего Дагестана!***

Мы, организаторы первого форума молодежи с. Унцукуль Унцукульского района, обращаемся к Вам во имя творца нашего и создателя - АЛЛАХА, его посланника и пророка Мухаммада, а также с мыслью о будущем нашего района, Дагестана и России.

Друзья! Быть человеком на Земле - это особая наука, которой надо учиться у самой жизни, со дня своего рождения и до самой смерти. Все мы знаем, что среди всех своих созданий Творец наделил человека особыми правами и обеспечил защиту этих прав. В развитых демократических государствах, где вроде бы обеспечено верховенство закона и бережное отношение к человеку и его правам, граждане живут, пользуясь этими великими благами.

Нет, чтобы пользоваться этими благами и благодарить Всевышнего ежедневно, ежечасно, находятся такие высокоразвитые государства, отдельные их представители, которые хотят переосмыслить, пересмотреть моральные и духовные ценности, основополагающие принципы ведущих религий мира. Некоторые представители этих высокоразвитых государств додумались нарисовать карикатуры на самого почитаемого Всевышним из людей, самого любимого мусульманами пророка Мухаммада (мир ему и благословение). Мы, естественно, не одобряем убийство мирных граждан Франции, да и любого другого государства. Опять же, где начали искать виновных? Начали искать виноватых среди мусульман, начали обвинять мусульман и ислам. Ни мусульмане, ни ислам отношения к этим и другим убийствам не имеет.

Убийцы и террористы такие же беспринципные люди, духовно-нравственные уроды, как и те, которые позволили себе нарисовать карикатуры на пророка Мухаммада (мир ему и благословение).

Вопреки этому, во всем мире увеличивается число преступлений, убийств, воровства, прелюбодеяния, насилия, алкоголизма, наркомании, жестокости, экстремизма, терроризма. Криминал рвется к власти и порой добивается своего. Страдает мирный народ, и больше всего дети и молодые люди, т. к. они более уязвимая и поддающаяся пропаганде часть населения. И доказательством этого являются события, происходящие на Украине.

Братья и сестры! Мы с Вами живем в Дагестане, удивительной «Стране гор», давшей миру много славных имен - героев, ученых, спортсменов, деятелей культуры. Но события последних полутора десятков лет заставили говорить и о Дагестане, и о нас как о террористах, убийцах, аферистах. Но этого больше быть не должно.

Люди Дагестана - это горные орлы, которые были, есть и будут живым примером подражания стойкости, мужества, мудрости, дружелюбия. Дагестанцу не к лицу: вранье, хамство, подхалимство, не говоря уже о хамелеонстве.

Настоящий дагестанец еще в детстве, юности должен научиться смотреть смело в глаза суровой правде и быть похожим во всем на горных орлов.

Время неумолимо летит вперед. И каждому из нас надо успеть внести лепту в процветание, развитие родного края, надо успеть оставить достойный след в этой жизни. Надо добиться того, чтобы слово «дагестанец» и человек, называющий себя так, стали олицетворением всего лучшего, достойного подражания.

Давайте сплотимся, избавимся от мелочных претензий друг к другу. Будем работать с новыми силами, больше, самоотверженнее во благо Ислама, Дагестана, России, всего светлого, доброго, разумного, вечного.

*(Смотрите на 6 странице)*



# ГIолохъанлъи

## Тарбия кьеялъулъе гIолилал цIазе ккола

Нилъеда лъала дунялалда чан чи ватаниги, гьел киназулго цоцада релъараб гIамал-хасият букIунареблъи. Цо-цо рахъал рукIинеги бегьула, амма тIуранго релъарал рукIунаро, хIатта цадахъ гьарурал вацал, ялъуни яцал рукIаниги. Гьединлъидал инсан куцай ва гьесие тарбия кьей букIуна, буго ва букIине буго инсаният цебетIеялъе чара гьечIеб ишлъун.

Тарихалдасан нилъеда лъала цересел аварагзабазги гIадамал ахIана лъикIлъиялде, куцалел рукIана гIамал берцин гьабиялда. Амма МухIамад аварагас (с. т. гI. в.) босун бачIараб гIаламалъе букIана цIакъго тIадегIанаблъун, тарбиялъул тIогьлъун. Гьес жиндирго мисалалдалъун бихьизабуна радал вахъаралдаса къасде кьижизе гIан инсан кин вукIине кколевали. МухIамад аварагасул (с. т. гI. в.) тIолабго гIумру ана берцинлъиялъул, хIеренлъиялъул, лъикIлъиялъул ва битIараб нухалъул берцинго бихьизабулаго ва гIалам гьелде ахIулаго.



Аварагас (с. т. гI. в.) абуна: «Къиямасеб къоялъ гIалам цIалел цIадирабазда тIад гIамал берцинлъиялдаса бакIаб жо букIине гьечIо. Гьединал рагIабаз рекIее асар гьабичIони нилъер иш кин битIун ккелеб? ГIамал берцин гьабиялъул суал жакъа кидагоялдасаги нилъеда цебе чIараблъун буго.

Хал гьабуни жакъа гIадамазул хьвада-чIвадиялъулъ буго хъачIлъи, рахIму гьечIолъи, адаб-хатир гьабунгутIи, щцим бахьин, хехдари, сабру гьечIолъи.

Цебе заманалда гIолеб гIелалъе мисаллъун чIахIияб гIел букIараб батани, жакъа чIахIияз бихьизабулеб лъикIаб мисал дагьлъун буго, рекъечIеб хьвада-чIвади бихьизабу лелги камулел гьечIо.

ГIажаиблъи, нилъеца гIайиб заманалде рехулеб буго, амма дида ракIалде ккола заман кин хисаниги бусурманчиясул гIамал берцинаб букIине ккол ин. Нилъ ругьунлъун руго цогидал какизе, цогидазе къимат кьезе, живго щив чи вугевали халги гьабичIого. Гьедин рихьдае гьабулеб хIалтIи цебе тIолеб буго иманияб рахъ загIиплъулеб буго. Нилъ ругьунлъулел гьечIо нилъерго напс квегьизе, гьелъ нилъеда гIемерал захIмалъабиги дандчIвалел руго.

Тарбия кьей, гIадан куцай байбихьула гьавураб къоялдаса. Нилъеца кинабго рехун тун буго ясли-ахаздеги школаздеги. Нилъецаго – эбел-инсуца, яц-вацаз, цогидал чIахIияз щиб гьабулеб бугеб гIун бачIунеб гIел куцаялда хурхун? Чан эбел-эмен унев ясли-ахазде, школазде, тIадегIанал цIалул идарабазде, жидерго лъималазул ахIвал-хIал лъазабизе. Бугеб ахIвал-хIалги лъан, бичIчIун дагьал церегIан къоязда ДагъистаналЪул Динияб идараялъул нухмалъулев АхIмадхIажи ГIабдулаев дандчIвана исламиял СМИязул вакилзабигун. Гьес жиндирго кIалъаялда кIвар кьун бихьизабуна бачIунеб сон гIамал-хасият берцин гьабиялъул лъагIеллъун лъазабулеб букIиналде.

Жакъа къоялда тарбия кьеялъул иш кинха бугеб? ЦохIого цо рузман къояз гьарулел дагьал-макъалго вагIзабаз кинха нилъер гIамал-хасиятал лъикIлъилеб?

Дир буго гьабинаб пикру: бегьиларищ телевидениялдасан, газетаздасан цере рахъун, данделъаби ахIун, церего хIадурарал, данде кколел суалалги дандран жамагIатазда цере рахъине. Школазде, ясли-ахазде хьвадун гьезие вагIзанасихIат гьабизе, гьезухъ гIенеккизе. Дир х1исабалда тарбия кьеялъул х1алт1улъе ц1азе ккола г1олилал.

Щаялиго гIолеб гIелалъе тарбия кьей, гIадан куцай нилъеца рехун тун буго. Гьелъул хIасилалда гIолеб гIелалъул г1амал-хасияталъ хьвада-чIвадиялъ нилъ пашман гьарулел руго, унгоунгояв гIадамаллъун гьел рахъине нилъеца хIалтIиги гьабулеб гьечIо. Гьеб хIалтIи бук1ине ккола г1емеррахъазулаб. Цадахъ хIалтIизе ккола пачалихъалъулги, диниялги, цогидалги гIуцIалаби, цере лъезе ккола кинабго рахъ х1исабалде росарал масъалаби. Тарбия кьеялъул иш роц1инабизе ккола щибаб хъизаналдасан. РачIа гIолеб гIелалъе берцинаб гIамал-хасияталъул тарбия кьей кодохъ босизин.

**С. МУХIАМАДОВ.**
**Ветераназул Советалъул пред.**

*РагIи - гIолилазе*

# Заман гIадада биччачIого

Дун гьаюна ва гIуна гIагараб ГIашилтIа росулъ. Гьенибго лъикIал къиматазда лъугIана гьоркьохъеб школа. Классалда дун лъикI цIалулезда гьоркьой йикIана. Дир тIоцеесей учительница йикIана Хадижат Жамалудиновна. Школалда гьей йикIана киназего гIагарай, лъималаз адабги хатирги гьабулей гIадан. Кинабго классалъего йокьулаан гьей ниж гIемераб жоялде ругьун гьаюрай учительница. Гьелъ малъана нижеда цIализеги, хъвазеги, сурател рахъизеги, г1умро гьабизеги.

Школалда дир рукIана гIемерал гьудулзаби. Нижеца киназго цоцазул адаб-хатир гьабулаан. Бищунго дие рокьулаан математикаялъул, гIурус мацIалъул, физкультураялъул, ОБЖялъул дарсал. Щибаб соналъго дица гIахьаллъи гьабулаан школалдаги, районалдаги т1орит1улел гIурус мацIалъул, биологиялъул, историялъул, магIарул мацIалъул олимпиадабазда. Гьениса тIад юссунаан тIоцересел, яги призалъулал бакIалги ккун.

ЦIалудаса эркенаб заманалда унаан волейбол хIазе. Спорталъул бищунго бокьулеб тайпа ккола дие волейбол хIай. Школалда букIана нижер лъикIаб команда. Районалъул росабазда гьоркьор тIоритIулел волейболалъул къецаздаги нижер командаялъе щолаан тIоцересел бакIал. Къецазда гIахьаллъизе ниж унаан батIи-батIиял шагьараздe; МахIачхъалаялде, Избербашалде, Дербенталде ва цогидал бакIазде.

Гьоркьохъеб школа лъугIун хадуй дун цIализе лъугьана Батырмурзаевасул цIаралда бугеб Хасавюрталъул педагогикияб колледжалде. Абизе ккола цIали квеш унеб гьечIилан. Нижее лъайги тарбияги кьолеб буго хIалбихьи бугел педагогал, Россиялъул мустахIикъай учительница С. ГIабдулкъадировалъ, психолог Л. Хункеровалъ, М. ГIумаровалъ, Н. Расуловалъ, Б. Халилулаевас ва цогидазги.

ЦIалудаса хадуб эркенаб заман гIадада биччаларо. ЦIалула батIи-батIиял авторазул художественниял тIахьал, рахъула суратал, хъухъарула. Нижер колледжалда буго ДагъистаналдагИ, Северияб Кавказалдаги жидерго хIалбихьиялъул рахъалъ машгьураб тIахьазул библиотека. Гьениб гIемераб заман регIула дицаги, цадахъ цIалулел ругел студентазги. Исана буго нижер ахирисеб курс. Гьединлъидал рукIинесел экзаменазда лъикIал къиматал щвезелъун тIадчIун, хIаракаталда цIализе ккола ниж. Мурад буго экзаменал лъикIго кьун цIали бергьенлъиялда рагIалде бахъинабизе. Киехун йигониги кIочонаро гIагараб район ва росо. Гьелъул мустахIикъай ясльун йикIине хIаракат бахъула дица.

***А. ГIАДБУСАЛАМОВА,***
***4 курсалъул студентка.***



*Студентазе - насихIат*

**Нуж Дагъистаналъул, канлъуй чирахъал**
**ГIелму-лъай босизе нухда хIетI лъурал.**
**Кодоблъи цIикIкIараз, ричун росулел**
**Воре бахиллъуге, лъаялъул кагътихъ.**
**БотIролъ гьечIеб гIакълу, рекIелъ гьечIеб лъай**
**Лъие къваригIараб, бакъвараб диплом,**
**ГIумруялъул нухда гали лъолелъул**
**Лъазабе мухIканго, хIетIе чIолеб бакI.**
**Институтал цIикIкIун, цIали мукъсанлъун**
**Рищват, коррупциялъ, квер лъураб заман,**
**Зачеталъул тетрадь, гьоркьоб гIарац лъун**
**Лъоге деканасул, столалда тIад.**
**АнцIго соналъ нужей, дарсал кьураца**
**Бичун нужей кьолел ЕГЭдул баллал.**
**Балугълъигун цадахъ, нужехъе щолеб**
**ХIалихьалъиялда туй бадий хIацIу.**
**Гьаб заманаялде гIайибалги чIван**
**ЧIваге чорхолъ бугеб иманги яхIги,**
**ГIумруялъ гьабураб бечелъиги тун**
**Цадахъ босулеб жо, кього натI бозил.**
**ЯсбергIадин цIуне нужерго къадро**
**Нуж Дагъистаналъул, рогьалил цIваби,**
**Нужер гIадло-тадбир, кьучIойги босун**
**Кьолеб дунялалда, нилъее къимат.**
**Цересел гIасрабаз, нилъер Дагъистан**
**ЦIар арал гIалимаз, загьир гьабуна**
**Къудукьа Мусалав, МохIоб Дамадан**
**Хъварщиса Загъалав, дов ГIободияв.**
**Гьел гIемер рукIана, хъван хIал кIвеларо.**
**ХIуригаталъ чIвана, хIежалда хвана,**
**Къоло щуго сонил, Шамилил къеркьей**
**Чан къадруяв гIалим, шагьидлъун хварал.**
**Гьезул мисал босе, кир ругониги**
**Кодоса риччаге, гIелмудал тIахьал,**
**Рищват-коррупциялъ кверал чорокал**
**Квер бачун щолелъуй, аскIор риччаге.**

***ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.***

## РекIелгъеялъе цIале

Шагьаралда дир вас вихьани хъармухъ чаялъул цо плитка битIе дие,-ян абе гьесда,-ян абуна херай ХIабибатица.

Гьелъул васги вихьичIого мадугьалас жинцаго босана ХIабибатие хъармухъ чаялъул бащдаб плитка ва гьелъухъе кьуна. Росулъе жиндирго вас вуссун хадуб ХIабибатица васасда абула:

- ТIокIалъ мадугьаласухъ дуца дие босараб жо битIуге, дуца битIараб чаялъул плитка гьес бащдаб жиндиего тана,-абун.

* * *

-Кинав доктор гьев кколев, гьес щивниги сах гьавулев гьечIогури,-ян абуна ГIусманица Рашидил хIакъалъулъ.

-Дов вугоха историялъул гIелмабазул доктор,-ян абуна дандияс.

-Кин бугониги щиб, гьев доктор кколелъул.

* * *

Мурадги Русикги футболалъул матчалъухъ ралагьун руго.

-Мун киназул рахъалда вугев, «Динамоялъулищ» яги «Араратальулищ»?,-ян гьикъана Мурадица.

-Лъил рахъалда вугев кIудада?

-КIудада щай дуе, мун дурго бетIералъ ургъизе ккола.

-Кинха дирго бетIералъ ургъилев, дарсал гьаризецин дир бетIер хIалтIулеб гьечIеб мехалъ,-ян жаваб кьола Русикица.

**Учредитель:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

Адрес: 51373
Унцукульский район
с. Унцукуль
ул. Мустафаева 28
Телефон редактора
55-63-07

Унсоколо районалъул Унсоколо росу. Муст1афаевасул къват1, 28

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр.
Пи № ТУ05-00284
от 20 марта 2014 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда ва къватIибе биччана «Дом печати» типографиялда Г1ахъушинскиясул къват1 21
Тираж 1500 экз.

Газета отпечатана в типографии «Дом печати» по адресу: ул. Акушинского 21
Подписано в печать 1. 27. 2015 г.

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьиза рурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула гьезие общественносталъ кьимат кьезелъун.

*Унсоколо -гIолилазул данделъи*

# Умумазул ирсилаллъун рукIинин



Гьаб соналъул 24 январалда Унсоколо росдал клубалда тIобитIана росдал гIолилазул форум. Гьеб форумалде рачIарал Унсоколо росдал гIолилазул рукIана 400-ялде гIагарун чи.

Нилъер мугIрузул районазул гIадатлъун лъугьун буго республикаялъул батIи –батIиял шагьаразда гIолилазул форумал тIоритIи. Гьелъ цо къадаралъул асарги гьабулеб буго гIун бачIунеб гIел ВатIан бокьиялъул рухIалда куцаялъе, умумазул бахIарчияб тарих нилъер наслабазда кIоченчIого хутIиялъе. Гьединабго мурадалда гIуцIун букIана Унсоколо росдал гIолилазул форумги. Гьеб гIуцIиялъе таваккалаб хIалтIи гьабуна Унсоколо росдал администрациялъ, росдал имамас, росдал чIахIиязул советалъ. ГIун бачIунеб гIел ВатIан бокьиялъул рухIалда куцаялъе, росдал тарих бечед гьабулеллъун цIияб гIел лъугьинабиялъе квер бакъиялъул кIалъаял, вагIза – насихIатал гьаруна Унсоколо росдал бегавул МухIамадов МухIамадица, чIахIиязул советалъул вакил Багъалтаров ГIабдулагьица, Хьаргаби росдал имам, нилъер росуцояв ХIусенхIажияс, росдал имам АхIмадхIажияс, Буйнакс районалъул имамасул кумекчи СалманхIажияс, эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиадаялъул чемпион Ибрагьимов МухIамадица. ТIобитIараб тадбиралдаса разиго хутIана росдал гIолилал ва гьез баркала загьир гьабуна форум гIуцIиялъе аслияб квер





бакъи гьабуразе. Форумалъул ахиралда гIолилаз хитIаб гьабуна районалъул ва



Дагъистаналъул т1олалго гIолилазде. Гьениб г1олилаздасан т1алаб гьабулеб буго нилъерго умумазул ирсилаллъун рук1ине.

*(Ц1але 4 гьумералда)*

# ЦIуне химикатаздаса

Гьарурал къоялдаса нахъе лъималазе кьолел смесал, каршал, пюреял, сокал, йогуртал ва цогидалги нигIматал ккола тIабигIиял



гурел. Гьел руго лъимадул сахлъиги, унтиялде дандечIолел къуватги хвезабулел, хIатта унтабигицин ккезарулел нигIматал. Лъимадуе эбелалъул рахьалдаса пайда бугеб жо щибго гьечIо. Амма жакъайин абуни, лъабго моцIалъцин лъимал хахизарулел улбул къанагIат руго. Нилъер умумазин абуни ункъго соналъцин хахизарулаан лъимал. Улбуз абула, щиб гьабилеб рахь къун бугилан. Рахь къвинарищха кваналеб квен химиялдаги буцун гьабулеб бугеб мехалда. Умумузул гIадин гьагIуги гьекъолеб, гьанги кваналеб, хуриса бачIараб тIорщелги кваналеб гьечIони, лъимадуе рахь гIоларо, бугебги пайда дагьаб букIуна.

ТIагIамазде гьорлъе журала: масала, антиоксидантал, стабилизаторал, эмульгаторал, махI бачIинабулел жал ва гIемерал цогидалги «нигIматал». Гьел жалазда гьоркьор руго унтаби ккезарулел, нажасал, бусурбабазе хIалтIизаризецин хIарамал жал. Гьединго, гьал хадур рехсарал тарихал тIад хъварал тIагIамал хIалтIизаризего бегьуларо. Гьале



гьел: Е-100, Е-102, Е-103, Е-114, Е-111, Е-120, Е-123, Е-124, Е-125, Е-126, Е-127, Е-128, Е-140, Е-141, Е-142, Е-152, Е-153, Е-210, Е-213, Е-214, Е-226, Е-234, Е-252, Е-207, Е-280, Е-325, Е-326, Е-327, Е-334, Е-335, Е-336, Е-337, Е-420, Е-442, Е-430, Е-431, Е-432, Е-433, Е-434, Е-435, Е-436, Е-470, Е-471, Е-472, Е-473, Е-474, Е-475, Е-476, Е-477, Е-480, У-481, Е-482, Е-483, Е-488, Е-489, Е-491, Е-492, Е-493, Е-494, Е-495, Е-542, Е-550, Е-570, Е-572, Е-591, Е-631, Е-632, Е-633, Е-635, Е-904.

**МухIамад МУХIАМАДОВ**

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

В селении Унцукуль Унцукульского района, по адресу А. Абдулаева, 4 (рядом с районной поликлиникой) расположен действующий реабилитационный центр для детей и подростков с ограниченными возможностями. Центр рассчитан на 24 койки: 12 коек формы стационарного обслуживания и 12 –формы полустационара, т. е. дневная форма.

В стационаре и в полустационаре нашего Центра оказываются следующие услуги:

Социально-медицинские, направленные на поддержание и улучшение здоровья детей с ограниченными возможностями (массаж, физиотерапия, медикаментозное лечение, оздоровительная физкультура).

Социально-психологические, направленные на коррекцию психологического состояния ребенка, на адаптацию в среде обитания, а также проводятся беседы, тренинги, занятия по релаксации.

Социально-педагогические, направленные на профилактику отклонений в поведении, формировании позитивных интересов, помощь в усвоении школьных предметов, организация досуга и содействие в семейном воспитании.

Социально-бытовые, направленные на поддержание жизнедеятельности детей с ограниченными возможностями в быту.

Для оказания вышеперечисленных услуг в Центре имеются квалифицированные работники: врач, медицинские сестры, психолог, специалисты по работе с семьей, педагоги, инструкторы по физкультуре и по труду.

Наш коллектив будет рад видеть Вас!

По любым вопросам обращаться по телефону: 55-63-62, 8-929-882-91-47.

Унсоколо № 1 гьоркьохъеб школалъул учительзабазул коллективалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго педагогазул ветеран

**МухIамадов МухIамад Маматович**

хвеялда бан, гьесул хъизаналда, лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Хварасе алжан кьеги, ахираталъул рукъалдаса вохун ватаги гьев.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго культураялъул Управлениялъул начальник ХI. МухIамадовасда ва тIолабго гIагарлъиялда эмен

**МухIамад**

хвеялда бан.

Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги гьев.